


## Koneksyon ou nan sèvis ak sipò pou anpil tan nan kominote ou

- Sèvis swen pèsònèl
- Edikasyon ak konsèy
- Sante ak sante fizik
- Sipò ak sèvis sante konpòtmantal
- Sipò ak sèvis pou andikap entèlektyèl ak devlopmantral
- Sipò sosyal



## Twa fason pou kontakte NY Connects

### Nan telefòn.

Rele nimewo 1-800-342-9871. Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis. Moun ki soud oswa ki mal pou tande kapab itilize Sistèm Relè New York 7-1-1.

### Sou Entènèt.

Ale sou sitwèb nou: [www.nyconnects.ny.gov](http://www.nyconnects.ny.gov)

### Fas-a-fas.

Pou jwenn biwo NY Connects ki toupre ou, rele nimewo gratis nou, ale sou sitwèb nou, oswa wè adrès la anba la a.

### Biwo NY Connects lokal ou:

Nou te devlope dokiman sa a anba sibvansyon CFDA 93.778 nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services). Men, kontni sa yo pa nesesèman reprezante règleman Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, epi ou pa ta dwe sipoze apwobasyon Gouvènman Federal la.

# Jwenn èd

avèk sèvis pou anpil tan ou ak bezwen sipò ou yo.



**NY Connects**  
Your Link to Long Term Services and Supports

# NY Connects

Pou moun tout laj, nenpòt andikap, ak moun k ap bay swen

NY Connects kapab travay avèk nenpòt moun ki bezwen enfòmasyon sou sèvis ak sipò pou anpil tan — timoun oswa adilt, lòt adilt, manm fanmi ak moun k ap pran swen, zanmi oswa vwazen, veteran, ak pwofesyonèl k ap bay èd.

## NY Connects kapab ede ou...

- Jwenn swen sante ak sipò
- Rete endepandan
- Konprann chwa swen sante yo
- Jwenn sèvis transpò
- Jwenn enfòmasyon sou sipò nan bay swen
- Jwenn pwogram travay ki gen sipò
- Jwenn repons sou Medicare
- Aplike pou avantaj Medicaid ak pou lòt avantaj

## Sèvis ak sipò kominotè pou anpil tan la pou ede moun yo rete an sante ak endepandan:

### Sèvis swen pèsònèl

- Preparasyon repa
- Menaj nan kay
- Benyen
- Sèvis transpò
- Sekirite ak aksesibilite nan kay
- Finans kay la

### Edikasyon ak konsèy

- Ladrès pou viv endepandan
- Travay avèk sipò
- Edikasyon adilt
- Ladrès nan metye konstwiksyon

### Sipò ak sèvis sante konpòtmantal/devlopmantral

- Sipò ak sèvis pou andikap entèlektyèl/devlopmantral
- Sèvis sante mantal
- Sèvis pou twoub itilizasyon alkòl/dwòg

### Pwogram sante ak sante

- Prevansyon ak pwoteksyon kont abi
- Fason pou kontwòle maladi kwonik
- Kreyasyon relasyon kominotè

